

Lekòl Leta Miami-Dade County

Akò 2022-2023 pou

Elèv Itilize Aparèy Òdinatè Mobil

Akò sa a fèt ant Komisyon Konsèy Lekòl “Miami-Dade County Public Schools” (Lekòl Leta Miami-Dade County, n ap rele pi devan (“M-DCPS”) ak elèv la (“Elèv”) e paran/gadyen (“Paran”) ki ekri nan kwen goch anlè Akò sa a e li anvigè nan dat siyati a. Pou atenn objektif Akò sa a, nou ap refere tèm “aparèy mobil” oubyen “aparèy òdinatè mobil” pou mak ak modèl ki anwo a ansanm avèk tout sistèm eleman ekstèn ki akonpaye li (tankou, kòd elektrik, batri, sourit, eks.) nou resevwa avèk aparèy mobil la oubyen nou ka detanzantan ofri pou Elèv la itilize pandan Akò sa a.

Bi Akò a. M-DCPS kontan pou li mete yon aparèy mobil disponib pou itilizasyon Elèv la an koneksyon avèk etid li nan Lekòl Leta Miami-Dade County. Pèmasyon pou Elèv la itilize aparèy mobil la depann totalman de tèm ak kondisyon Akò sa a.

M-DCPS ak Elèv la e Paran an dakò sou sa ki ap suiv yo:

- 1. Tèm Itilizasyon Aparèy Mobil la.** Yo ap bay Elèv la dwa pou itilize aparèy òdinatè mobil la pandan li enskri nan Lekòl Leta Miami-Dade County, men pa pita pase fen ane lekòl aktyèl la. M-DCPS rezève dwa pou l tèmine Akò a nenpòt lè pou nenpòt rezon aprè li bay Paran an oubyen Elèv la avi (30) jou. Se Règ Komisyon Konsèy Lekòl 7540.03- “*Student Responsible Use of Technology, Social Media, and District Network Systems*” (*Fason Reponsab pou Elèv Itilize Teknoloji, Medya Sosyal, ak Sistèm Rezo Distri a*) (<http://www.neola.com/miamidade-fl/>) ki ap gouvène itilizasyon aparèy mobil sa a. Nou ap bay elèv la aparèy mobil la sèlman pou itilize pou rezon edikasyonèl e nenpòt sèvis nou estime ki pa konsistan avèk rezon sa a jan administratè lekòl yo oubyen anplwaye M-DCPS yo detèmine, oubyen ki an vyolasyon règ Komisyon Konsèy Lekòl yo, lwa Eta oubyen Federal yo, oubyen Seksyon 815 Law Florid entèdi ap konsidere yon vyolasyon Akò sa a, ki ap mande pou aparèy mobil la retounen imedyatman bay M-DCPS. Pati yo pap kreye oubyen bay yon tyès pèsòn oubyen antite okenn dwa oubyen obligasyon. M-DCPS espesifikman rejte tout garanti ki pa nan akò sa a.
- 2. Remèt M-DCPS Aparèy Mobil la.** Dwa Elèv la pou l itilize aparèy mobil la ap tèmine e Elèv la ak Paran an dwe remèt M-DCPS aparèy mobil la si nenpòt nan sikonstans ki ap suiv yo rive:
 - a. Itilizasyon aparèy mobil Elèv la ekspire nan fen jounen lekòl ane aktyèl la;
 - b. Elèv la pa nan Lekòl Leta Miami-Dade County ankò;
 - c. M-DCPS bay Elèv la yon avi li dwe remèt aparèy mobil la;
 - d. Nou dekouvri Elèv la vyole règ Komisyon Konsèy yo, lwa Eta oubyen law Federal yo jan Seksyon 1 di li anwo a; oubyen
 - e. Elèv la pa ranpli obligasyon ki anba Akò sa a.Si yo pa remèt aparèy mobil la, Elèv la ak Paran an ap gen responsablite anvè M-DCPS imedyatman lè yo mande peman pou valè konplè ranplasman aparèy mobil la. M-DCPS kapab egzèsè opsyon ki nan Lwa Eta Florid pou materyèl enstriksyonèl yo pa remèt ki gen ladan, men ki pa limite a, sispann patisipasyon Elèv la nan aktivite andeyò salklas oubyen fè Elèv la peye dèt la atravè aktivite sèvis kominotè.
- 3. Pèt oubyen Move Itilizasyon Done/Enfòmasyon sou Aparèy yo.** Paran an ak Elèv la gen tout responsablite pou pwoteksyon ak estokaj done sou aparèy mobil la. M-DCPS pap pran responsablite pou done ki pèdi. Si nou gen pou restore yon aparèy akòz move fonksyonman oubyen reparasyon, done ki estoke nan aparèy la ka pèdi, nenpòt lè pandan tèm Akò sa a e lè yo remèt aparèy mobil la.
- 4. Modifikasyon ak Atachman.** Elèv ak Paran pa dwe fè okenn modifikasyon oubyen ajoute atachman, ekipman, oubyen pwogram nan aparèy mobil la san yon pèmasyon espesifik ki soti nan M-DCPS, e pèmasyon sa a dwe opsyon M-DCPS sèlman.
- 5. Avi konsènan Pèt, Domaj, oubyen Move Fonksyonman.** Elèv ak Paran dakò pou yo imedyatman avize anplwaye lekòl la deziye a lè gen yon pèt, domaj, oubyen move fonksyonman nenpòt pati aparèy mobil la pou kèlkeswa rezon an. Si yo vòlè aparèy la andeyò teren/anplasman

Lekòl Leta Miami-Dade County
Akò 2022-2023 pou
Elèv Itilize Aparèy Òdinatè Mobil

lekòl la, paran an dwe kontakte depatman polis minisipal apwopriye nan Konte a, ranpli yon rapò polis e bay anplwaye lekòl la deziye a yon kopi rapò polis la.

6. **Domaj oubyen Pèt Aparèy Mobil.** Elèv ak Paran ap gen responsablite pou nenpòt pèt oubyen domaj aparèy mobil la, depi lè yo aksepte aparèy mobil la jis yo remèt aparèy mobil la bay M-DCPS. Si aparèy mobil la pèdi, yo vòlè li, detui li, oubyen andomaje li, kote pri reparasyon yo depase valè aparèy mobil la, lè sa a Elèv la ak Paran an ap gen responsablite anvè M-DCPS imedyatman lè yo mande peye montan frè total pou ranplase aparèy mobil la nan lè li te pèdi a. Si yon pati nan aparèy mobil la andomaje, men li reparab, Elèv la ak Paran an ap responsab pou depans reparasyon objè sa a si li pa kouvri anba garanti fabrik la. M-DCPS ka egzèse opsyon yo jan yo dekri li nan Lwa Eta Florid
7. **Frè pou Retablisman Teknoloji.** Elèv ak Paran konprann e yo dakò yo gen obligasyon e yo dakò pou yo aplike lis “Technology Recovery Fee” (Frè Retablisman Teknoloji) a ki detaye pri reparasyon pou diferan aparèy mobil ak koneksyon yo. Lis Frè Retablisman Teknoloji moun ka jwenn li nan sit Entènèt “Digital Convergence” (Konvèjans Dijital) M-DCPS la nan <http://digital.dadeschools.net/>.
8. **Posesyon ak Dwa Prive.** Aparèy Mobil la se pou M-DCPS e li ap rete posesyon M-DCPS. Konsa, Elèv ak Paran ap pèmèt moun M-DCPS deziye egzamine aparèy mobil la ak kontni li nenpòt lè pou nenpòt rezon, ki gen ladan, men ki pa limite a, enspeksyon, mentnans, reparasyon, modènizasyon, e/oubyen enstalasyon pwogram. Ni Elèv la oubyen Paran an pap gen dwa prive sou kèlkeswa done ki estoke nan aparèy mobil la oubyen nan nenpòt rezo M-DCPS.
9. **Frè Teknoloji Anyèl.** Pou resevwa yon aparèy mobil, elèv yo dwe peye yon frè pou teknoloji. Frè teknoloji sa a kouvri reparasyon aparèy la si l tonbe anpàn; Li PA kouvri reparasyon nan ka neglijans oswa move itilizasyon, pèt oswa domaj nan lòt aparèy ki konekte avèk li (tankou chajè batri, kès, klavye, eksetera), oswa ranplasman aparèy la.
10. **Dispans pou Responsablite.** Paran ak Elèv la, ki gen ladan eritye ak reprezantan yo dakò yo ap lage, pou toutan dispanse, dedomaje, defann, e kenbe M-DCPS inosan de nenpòt e tout reklamasyon ki se konsekans itilizasyon, move itilizasyon, oubyen posesyon Elèv la oubyen Paran an fè avèk aparèy mobil nou remèt Elèv la dapre Akò sa a ki gen ladan men ki pa limite a nenpòt e tout domaj kèlkeswa espès oubyen nati yo.
11. **Dire Lwa, Ki Lwa ki an Vigè ak Andwa Pwosè.** Pwovizyon sa yo dapre nati yo fèt pou kontinye egziste aprè ekspirasyon, anilasyon oubyen fen Akò sa a. Yo ap gouvène e entèprete Akò sa a selon lwa andwa pwosè eta Florid Eta pou nenpòt reklamasyon ka sèlman fèt nan tribinal yon jiridiksyon konpetan nan Miami-Dade County. Tout pati ap responsab pou pwòp frè ak pri avoka yo. Yo pap entèprete anyen nan sa ki la a kòm konsantman yon ajans oubyen yon sibdivizyon politik Eta Florid tyès pèsòn ap ka pousuiv nan kèlkeswa sitiyasyon ki prezante nan kèlkeswa kontra a.

Lekòl Leta Miami-Dade County

Akò 2022-2023 pou

Elèv Itilize Aparèy Òdinatè Mobil

Silvoulè siyen paj sa a e remèt li bay lekòl la. Kenbe kontra a pou dosye ou.

Non Elèv la (Enprime) _____

#Idantifikasyon _____

Lekòl (Enprime) _____

Akseptasyon: Elèv ak paran/gadyen rekònnèt yo li akò sa a, yo konprann li, e yo dakò pou yo respekte tèm ak kondisyon ki ladan li. Anplis, elèv ak paran dakò akò sa a reprezante konpreyansyon ak akò konplè ant komisyon konsèy Lekòl (M-DCPS) ak paran an e elèv la nan respè sijè ki nan dokiman an. Okenn lòt reprezantasyon, deklarasyon, akò, oubyen konpreyansyon, menmsi li aloral oubyen alekri pap valid oubyen aplikab oubyen genyen okenn efè irevokab amwenske li ekri nan akò sa a. Yo pa ka chanje, amande, oubyen modifye akò sa a san apwobasyon ekri ki soti nan komisyon konsèy (M-DCPS). Kèlkeswa chanjman, modifikasyon, oubyen amandman Komisyon Konsèy Lekòl la apwouve nan akò sa a, dwe fèt alekri.

Mwen li e mwen konprann tèm ak kondisyon Akò anwo a, e mwen dakò ak tout tèm ak kondisyon ki ladan.

Siyati Elèv la _____ Dat _____

Non Paran an (Enprime) _____

Siyati Paran/Gadyen an _____ Dat _____

Adrès Elektwonik Paran an _____

Telefòn Lakay _____ Telefòn Travay _____ Telefòn Pòtab _____

For Office Use Only

Device issued to student:			
HP		Dell	
	HP ProBook X360 11 G3 EE		Dell Latitude 5310
	HP ProBook x360 11 G1 EE		Dell Latitude 5400
	HP ProBook x360 11e G5		Dell Latitude 5410
	HP ProBook x360 11 G7		Dell Latitude 5411
	HP Fortis x360 G9		Dell Latitude 3120
Lenovo		Apple/MacBook	
	Lenovo ThinkPad 11E 11.6 4 th		MacBook Air 11"
	Lenovo 11.6" ThinkPad 11e 5th Gen		
	Lenovo 500w Gen 3		
Other			
	Make/Model:		
Mobile Device Serial Number:		Date Issued:	

Property Return

☐ Good Condition ☐ Other, Explain _____

Received By (Print) _____

Received By (Signature) _____ Date Returned _____